



AVI KONSÈNAN PRATIK ENFÒMASYON PRIVE

AVI SA A DEKRI KIJAN NOU KA ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL OU AK KIJAN OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO TANPRI REVIZE AVI A AVÈK ANPIL ATANSYON.

ITILIZASYON AK DIVILGASYON ENFÒMASYON PWOTEJE SOU SANTE OU

Enfòmasyon pwoteje sou sante gen ladan enfòmasyon demografik ak enfòmasyon medikal ki konsène sante mantal ak sante fizik pase, prezan ak fiti yon moun. Enfòmasyon demografik yo ka gen ladan non ou, adrès ou, nimewo telefòn ou, nimewo sekirite sosyal ou ak nenpòt lòt mwayen pou idantifye ou kòm yon moun espesifik. Enfòmasyon pwoteje sou sante gen ladan enfòmasyon espesifik ki idantifye yon moun oswa ki ka itilize pou idantifye yon moun.

Enfòmasyon pwoteje sou sante ou se enfòmasyon sou sante yon pwofesyonèl swen sante, yon plan sante, yon patwon oswa biwo santral swen sante kreye oswa resevwa. Depatman Sante kapab ajè kòm chak nan kalite biznis ki endike anwo a. Depatman Sante itilize enfòmasyon medikal sa yo nan anpil fason pandan y ap fè aktivite biznis nòminal yo.

Depatman Sante ka itilize oswa divilge enfòmasyon pwoteje sou sante ou pou rezon tretman, peman, ak operasyon swen sante. *Pwofesyonèl swen sante yo itilize enfòmasyon medikal nan klinik yo oswa nan lopital pou ba ou swen sante. Yo ka divilge enfòmasyon pwoteje sou sante ou, avèk oswa san konsantman ou, ba yon lòt pwofesyonèl swen sante pou ba ou tretman. Depatman Sante ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante pou jesyon dosye ak sèvis. Klinik oswa lopital Depatman Sante ka voye enfòmasyon medikal yo ba konpayi asirans yo, Medicaid, oswa ajans kominotè pou peye pou sèvis yo ba ou yo.*

Sèten anplwaye depatman an ka itilize enfòmasyon yo pou amelyore operasyon swen sante depatman an. Depatman an ka voye lèt ba ou pou fè ou sonje randevou, enfòmasyon sou chwa tretman ou oswa lòt avantaj ak sèvis ki asosye avèk sante ou.

Yo kapab divilge kèk enfòmasyon pwoteje sou sante san otorizasyon ou alekri, jan lalwa pèmèt sa. Kèk nan sikonstans yo se:

- Rapòtaj abi sou timoun, adilt ak moun ki andikape.
- Ankèt ki konsène yon timoun yo pa wè.
- Ankèt ak odit entèn divizyon, ajans ak biwo depatman an ap fè.
- Ankèt ak odit Enspektè Jeneral ak Oditè Jeneral eta a, ak Biwo Analiz Règleman Pwogram ak Responsablite Gouvènman an ap fè.
- Rezon sante piblik, tankou estatistik vital, rapòtaj maladi, siveyans sante piblik, ankèt, entèvansyon, ak règleman pwofesyonèl sante yo.
- Ankèt doktè egzaminatè medikal distri a;

- Rechèch depatman an apwouve.
- Lòd tribinal, manda oswa papye pou prezante nan tribinal;
- Rezon lapolis, ankèt administratif, epi pwosedi jidisyè ak administratif.

Lòt itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon pwoteje sou sante ou depatman an fè ap egzije pou yo jwenn otorizasyon ou alekri. Otorizasyon sa a ap gen yon dat ekspirasyon ou kapab anile alekri. Itilizasyon ak divilgasyon sa yo ka se pou rezon maketing ak rechèch, sèten itilizasyon ak divilgasyon nòt sikoterapi, ak lavant enfòmasyon pwoteje akòz reminerasyon Depatman Sante.

DWA CHAK MOUN GENYEN

Ou gen dwa pou mande Depatman an pou yo mete restriksyon sou itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon pwoteje sou sante ou pou fè tretman, peman, oswa operasyon swen sante. Ou ka limite divilgasyon yo tou ba moun ki patisipe nan swen sante ou. Depatman an pa gen obligasyon pou dakò avèk nenpòt restriksyon. Men, nan sitiyasyon kote oumenm oswa yon moun ki sou non ou peye pou yon atik oswa yon sèvis okonplè, epi ou mande pou nou pa divilge enfòmasyon konsènan atik la oswa sèvis la ba yon konpayi asirans, Depatman an ap dakò avèk restriksyon ou mande a.

Ou gen dwa pou yo ba ou garanti ki endike y ap kenbe enfòmasyon ou yo an sekre. Depatman Sante ap kontakte ou nan manyè ak nan adrès oswa nan nimewo telefòn ou chwazi. Nou ka mande ou pou fè demann ou alekri. Si ou responsab pou peye pou sèvis yo, ou ka bay yon adrès ki diferan avèk adrès kay ou kote ou kapab resevwa lèt ou yo ak kote nou ka kontakte ou.

Ou gen dwa pou fè enspeksyon ak kopi nan enfòmasyon pwoteje sou sante ou. N ap sipèvize enspeksyon w ap fè nan enfòmasyon yo nan yon lèt ak yon kote nou dezinye. Nou ka ba ou refi pou jwenn enfòmasyon yo, jan lalwa endike sa. Si ou jwenn refi, ou gen dwa pou mande yon revizyon yon pwofesyonèl swen sante ki gen lisans epi ki pa t patisipe nan desizyon pou ba ou refi pou jwenn enfòmasyon yo. Se depatman an k ap dezinye pwofesyonèl swen sante sa a ki gen lisans lan.

Ou gen dwa pou korije enfòmasyon pwoteje sou sante ou. Ou dwe fè demann pou korije enfòmasyon pwoteje sou sante ou alekri, epitou ou dwe bay yon rezon pou sipòte koreksyon ou mande a. Depatman Sante ka bay refi pou demann ou, tout oswa yon pati ladan, si yo jwenn enfòmasyon pwoteje sou sante ou:

- Pa t kreye nan depatman an.
- Pa enfòmasyon pwoteje sou sante ou.
- Pa disponib dapre lalwa pou enspeksyon ou.
- Egzat ak konplè.

Si depatman an aksepte koreksyon ou, y ap fè koreksyon an, epi y ap fè oumenm ak lòt moun ki bezwen konnen koreksyon an konnen sa. Si yo bay refi pou demann ou, ou ka voye yon lèt ki bay detay sou rezon ki fè ou pa dakò avèk desizyon an. Depatman an ap bay repons pou lèt ou a alekri. Ou ka fè yon plent tou, jan sa dekri anba la a nan seksyon ki gen tit Plent.

Ou gen dwa pou resevwa yon rezime sèten divilgasyon Depatman Sante te ka fè avèk enfòmasyon pwoteje sou sante ou. Rezime sa a pa gen ladan:

- Divilgasyon nou te fè ba ou.
- Divilgasyon ba moun ki te patisipe nan swen sante ou.
- Divilgasyon ou te otorize.
- Divilgasyon nou te fè pou ba ou tretman, pou jwenn peman, epi pou operasyon swen sante.
- Divilgasyon pou sante piblik.
- Divilgasyon ba pwofesyonèl swen sante pou objektif kontwòl.
- Divilgasyon pou rapòte abi sou timoun, sou adilt ak sou moun andikape.
- Divilgasyon anvan 14 avril 2003.

Rezime sa a gen ladan divilgasyon nou te fè pou:

- Objektif rechèch, ki diferan avèk sa ou te otorize alekri.
- Repons pou lòd tribinal, papye pou prezante nan tribinal oswa manda.

Ou ka mande yon rezime pou pa plis pase yon peryòd 6 ane apati dat demann ou.

Si ou te resevwa Avi sa a konsènan Pratik Enfòmasyon Prive sou fòm elektwonik, ou gen dwa pou resevwa yon kopi sou papye depi ou fè demann lan.

Depatman Sante ka ekri ou pa lapòs oswa yo ka rele ou pou fè ou sonje randevou swen sante ou.

RESPONSABILITE DEPATMAN SANTE

Depatman Sante gen obligasyon dapre lalwa pou kenbe enfòmasyon pwoteje sou sante ou an sekre. Avi sa a sou Pratik Enfòmasyon Prive fè ou konnen kijan depatman an ka itilize enfòmasyon pwoteje sou sante ou ak kijan depatman an kenbe enfòmasyon ou yo prive epi an sekre. Avi sa a eksplike responsablite ak pratik legal ki konsène enfòmasyon pwoteje sou sante ou. Depatman an gen responsablite pou fè ou konnen lè gen yon vyolasyon nan enfòmasyon pwoteje sou sante ou ki pa pwoteje.

Nan responsablite legal depatman an, depatman an dwe ba ou Avi sa a sou Pratik Enfòmasyon Prive a. Depatman an gen obligasyon pou swiv kondisyon Avi konsènan Pratik Enfòmasyon Prive ki anvigè a.

Depatman Sante ka chanje kondisyon avi li. Chanjman an, si yo fè li, l ap anvigè pou tout enfòmasyon yo konsève sou sante ou. Y ap mete nouvo avi konsènan pratik enfòmasyon prive oswa sa ki revize yo nan sitwèb Depatman Sante nan www.myflorida.com, epi y ap disponib nan imèl ak nan tout bilding Depatman Sante. Gen kèk dokiman sipleman tè ki disponib tou epi ki eksplike dwa ou genyen pou enspekte ak kopye ak amande enfòmasyon pwoteje sou sante ou.

PLENT

Si ou kwè yo vyole dwa ou pou enfòmasyon prive sou sante ou, ou ka fè yon plent ba: Enspektè Jeneral Depatman Sante nan 4052 Bald Cypress Way, BIN A03/ Tallahassee, FL 32399-1704/ telefòn 850-245-4141, epi ba Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini nan 200 Independence Avenue, S.W./ Washington, D.C. 20201/ telefòn 202-619-0257 oswa nan nimewo 877-696-6775 pou rele gratis.

Ou dwe fè plent lan alekri, plent lan dwe dekri zak oswa mankman ou kwè ki vyole dwa ou pou enfòmasyon prive, epitou ou dwe fè plent lan anvan 180 jou ki vini apre lè ou te konnen oswa ou te dwe konnen te gen zak la oswa mankman an. Depatman Sante p ap fè vanjans kont ou poutèt ou fè yon plent.

POU PLIS ENFÒMASYON

Ou ka fè demann pou plis enfòmasyon konsènan zafè ki konsène nan avi sa a ba moun ki te ba ou avi a, ba direktè oswa administratè sant medikal Depatman Sante kote ou te resevwa avi a, oswa ba Enspektè Jeneral Depatman Sante nan adrès 4052 Bald Cypress Way, BIN A03/ Tallahassee, FL 32399-1704/ telefòn 850-245-4141.

DAT AVI A ANVIGÈ

Avi sa a sou Pratik Enfòmasyon Prive anvigè apati 1ye jiyè 2013, epi li dwe anvigè jouk lè yo apwouve ak fiche yon nouvo Avi konsènan Pratik Enfòmasyon Prive.

REFERANS

“Prensip pou Sekrè Enfòmasyon sou Sante ki Kapab Idantifye Chak Moun Apa; Règ Final.” 45 CFR Pati 160 jiska 164. *Rejis Federal Register* 65, nimewo 250 (28 desanm 2000).

“Prensip pou Sekrè Enfòmasyon sou Sante ki Kapab Idantifye chak Moun Apa; Règ Final” 45 CFR Pati 160 jiska 164. *Rejis Federal*, Volim 67 (14 out 2002).

HHS, Modifikasyon nan Enfòmasyon Prive dapre HIPAA, Sekirite, Ranfòsman, ak Règ pou Bay Avi pou Vyolasyon anba Lwa sou Teknoloji Enfòmasyon pou Sante Ekonomik ak Klinik ak Enfòmasyon Jenetik ak Non-Diskriminasyon; Lòt Modifikasyon nan Règ HIPAA, 78 Rejis Federal 5566 (25 janvye 2013).